



Pou Piblikasyon Imedya: 10/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIZYÈ MILYE TRAVAY NAN ETA A KI DISPONIB
NAN TIT KRITIK SÈVIS SANTE AK SOSYAL YO**

***Anbochaj pou Pwogram Plasman Limite pou Ijans lan anile tanporèman egzijans
egzamen fonksyon piblik pou sèten tit***

***Nouvo [Pòtay Travay HELP](#) la disponib pou kandida yo wè afich travay yo epi
telechaje cv yo***

***Fwa Karyè Vityèl HELP la ap fèt 11 me pou mete aksan sou travay ki disponib nan
plis pase dis ajans Eta New York - Enskri pou w patisipe [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plizyè milye travay eta a ki ouvri ak ki disponib pou anbochaj imedyat nan domèn sante ak sèvis sosyal atravè dis ajans eta a kòm yon pati nan Pwogram Anbochaj pou Plasman Limite pou Ijans nan yon efò pou fè fas a mank mendèv nan tout eta a nan tit kritik sante ak sekirite atravè gouvènman eta a. Gen yon nouvo paj wèb ak pòtay ki disponib ki bay lis travay HELP ki disponib yo epi ki pèmèt kandida yo telechaje yon aplikasyon ak cv pou pòs yo enterese nan adrès sa a: <https://www.cs.ny.gov/help/>.

"Soti nan pèsonèl medikal k ap travay lopital nou yo rive nan travayè sosyal ki konekte fanmi yo ak sèvis enpòtan yo, Nouyòkè brav ki sipòte sektè sante ak sèvis sosyal yo se ewo chak jou eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Konsidere mank travayè resan an, Eta New York ap pran mezi tanporè pou ede ajans yo ranpli wòl kritik nan sèvis sante ak sosyal epi ankouraje sekirite ak byennèt tout Nouyòkè yo. Gen plizyè milye opòtinite ki disponib, epi mwen ankouraje nenpòt moun k ap konsidere yon karyè nan sèvis piblik pou vizite pòtay HELP la epi patisipe nan fwa karyè vityèl nou an pou aprann plis sou travay enpòtan sa a".

Komisè Depatman Fonksyon Piblik Eta New York la ak Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik la, Timothy R. Hogues, te deklare, "Depatman Fonksyon Piblik la ap travay yon fason pwoaktif pou ede rekrute pwochen jenerasyon mendèv Eta New York la. Pwogram HELP la se sèlman yon mezi n ap pran pou ede ajans eta patnè nou yo atire epi kenbe yon mendèv divèsifye ak talantye ki kapab sèvi tout Nouyòkè alavni. Mwen ankouraje tout moun pou yo vizite paj wèb la epi aplike pou tout pòs ki enterese

yo pou kòmanse yon karyè ki bay anpil rekonpans ki ofri anpil avantaj avèk Eta New York".

Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Depatman Sante a enpasyan pou l entegre yon nouvo mendèv divèsifye ak talantye ki pral jwe yon wòl enpòtan nan sipòte ak edike Nouyòkè yo sou sante piblik. Pwogram HELP la pral ede ajans atravè eta a ranpli pòs enpòtan ki pral bay bon jan kalite resous pou moun ak fanmi yo".

Komisè Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmanal nan Eta New York la, Kerry Neifeld, te deklare, "Eta New York ap rann li pi fasil pase sa te janm ye pou pouswiv yon karyè nan sèvis sante ak sosyal epi OPWDD rekonesan pou efò pou senplifye pwosesis anbochaj pou pwofesyonèl sipò dirèk ak lòt tit atravè pwogram HELP la. Rebati mendèv nou an se yon priorite pou ajans lan pandan n ap travay pou amelyore aksè a sèvis yo epi ranpli misyon nou pou akseptasyon ak enklizyon kominote a pou moun ki gen andikap devlopmanal yo".

Komisè Pa Enterim nan Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi yo (Office of Children and Family Services, OCFS) nan Eta New York, Suzanne Miles Gustave, te deklare, "Avèk Eta New York k ap fè fas ak yon mank mendèv nan sèvis sosyal nan pwopòsyon istorik, Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan Depatman Fonksyon Piblik la te rekonèt nesosite pou fè fas a kriz sa a epi pwogram HELP la pral ede pote yon gwoup pwofesyonèl divèsifye ki kalifye ak pasyone nan domèn nan. Mwen kontan wè ki jan nouvo adisyon nan efò sèvis nou yo bay timoun, fanmi ak kominote vilnerab nou yo se yon sipò enpòtan nan yon moman kote li pi nesèsè".

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Karyè Eta New York yo bay salè konpetitif, avantaj estrawòdinè, epi ouvri pòt pou opòtinite. Depatman Travay fyè pou l kreye patenarya ak Fonksyon Piblik la atravè kanpay dijital sansibilizasyon piblik nou an nan tout eta a ak nan òganize yon fwa karyè vityèl pou konekte Nouyòkè yo ak karyè yo pral renmen".

Pwogram HELP retire tanporèman egzijans egzamen fonksyon piblik la pou plis pase 100 tit swen dirèk, sèvis sante ak sosyal atravè ajans Eta a pou yon peryòd 12 mwa. Pou yo ka kalifye pou travay nan pwogram HELP la, kandida yo dwe satisfè kalifikasyon minimòm travay yo ak nenpòt lòt kondisyon travay. Kandida yo ta dwe vizite [Pòtay Travay HELP](#) la epi sèvi ak pòtay kandida a pou aplike pou travay nan pwogram HELP la. Yo ankouraje kandida ki soti nan divès kote ak kominote ki tradisyonèlman majinalize pou yo aplike.

Pou mete aksan sou anpil opòtinite karyè ki disponib kounye a nan kad pwogram HELP la, tout moun k ap chèche travay yo envite pou yo patisipe nan Fwa Karyè Vityèl HELP Eta New York k ap fèt jedi 11 me apati 11:00 a.m. rive 2:00 p.m. Fwa travay la pral prezante yon varyete ajans Eta ki gen yon konsantrasyon espesyal sou anpil pòs ki disponib imedyatman epi ke pwogram HELP la ranpli. Fwa karyè a pral genyen tou yon

sesyon enfòmasyon sou pwogram HELP la pou ede moun k ap chèche travay yo kòmanse karyè yo nan Eta New York. Pou enskri ak aprann plis, klike [isit la](#).

Nan kad pwogram HELP la, Eta New York te lanse yon kanpay rezo sosyal, ki gen ladan videyo ak kontni wèb pou ede atire kandida yo pou aplike pou pòs esansyèl sa yo. Kontni kanpay la ak enfòmasyon adisyonèl yo ak resous pou ede kandida yo konprann pwogram nan disponib nan www.cs.ny.gov/help.

Pwogram HELP la te devlope pou ede fè fas a mank mendèv nan tout eta a nan tit kritik sante ak sekirite atravè gouvènman eta a. Tit ki apwopriye pou anbochaj nan kad Pwogram HELP la limite a pòs ki bay sèvis kritik pou satisfè bezwen de baz sante, sekirite, ak bezwen chak jou Nouyòkè yo. Egzanp kèk nan tit ki gen plis moun ki enkli nan pwogram nan se Asistan Sipò Dirèk, Enfimiyè Oksilyè Lisansye, Enfimiyè Anrejistre (Ansèyman ak Rechèch), Mèt Travayè Sosyal Lisansye, Asistan Terapi Sante Mantal ak Sikològ.

Pou aprann plis sou kijan pou travay pou Eta New York ak kijan pou franchi pwochen etap pou fè yon karyè ki gratifyan nan fonksyon piblik, tanpri vizite [sitwèb Depatman Fonksyon Piblik](#) la epi swiv Depatman an sou [Facebook](#), [Twitter](#) ak [LinkedIn](#).

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)